


Maladi Jansiv



Maladi jansiv, oswa jansiv anfle, kapab vin grav apre yon peryòd tan. Li pa bay doulè souvan jouk lè li avanse anpil epitou li kapab lakòz moun pèdi dan yo. Lè sa rive, l ap difisil pou manje, pou pale epi pou ri.

Kisa ki lakòz maladi jansiv?

Bakteri yo jwenn nan plak – yon film ki fòme toutotou dan yo – lakòz maladi jansiv.

Se maladi jansiv ki lakòz jansiv yo soti nan dan yo la a. Maladi jansiv kapab pètèt lakòz yon moun pèdi dan.



Ki siy ak sentòm maladi jansiv?

- Jansiv anfle
- Jansiv k ap senyen apre ou bwose dan yo
- Yon chanjman nan fason fo-dan yo ajiste anpati
- Dan yo lache
- Move alèn ki p ap prale

Fason pou pa pran maladi jansiv:

1. Bwose dan ou omwen de fwa pa jou avèk yon bwòs dan mou ak pat dantifris abaz fliyò.
2. Pase fil dantè nan dan yo omwen yon fwa pa jou.
3. Ale nan klinik dantis ou souvan pou yon tchekòp ak netwayaj.
4. Pale avèk doktè ou oswa avèk dantis ou si ou gen dyabèt. Moun ki gen dyabèt ka gen maladi jansiv ki grav. Maladi jansiv ka fè dyabèt vin grav tou.

Kontakte dantis ou oswa pwofesyonèl swen dan ou touswit si ou gen doulè oswa si ou bezwen swen dan.



COLUMBIA UNIVERSITY
College of Dental Medicine

